

POU KI SA SA ENPÔTAN ANPIL POU WÈ ÈGZAMEN JE?



Lè yo detekte maladi je bonè, lè yo fè tretman bonè pou moun ki gen pblèm je, sa kab evite je yo vin pi mal epi sa kab fè yo li pi byen.

Dapre rechèch Asosiyasyon Optometri Ameriken fè, youn sou chak kat timoun gen yon pblèm je men yo poko konn sa.

Fondasyon Essilor Vision nan bay kèk done sou sa k rive lè paran pa fè rezoud pblèm je pitit yo.

- 90% timoun ki bezwen pot linèt pa gen linèt.
- 44% paran pa okouran se yon pblèm je ki kab lakòz pitit yo ap fè dezòd lekòl.



Gras ak kolaborasyon nou ak konpayi Lions International nou rive rekrute epi nou rive fòme volontè pou tcheke je timoun toupatou nan Sid Florid, lekòl leta ki kalifye e ki bezwen moun pou tcheke je elèv kab telefone pou mande pou kèk volontè ki disponib nan zòn pa w la:

Lion CC Diana Castillo
305-898-0179 • cas9673@aol.com

APLIKE POU WÈ ÈGZAMEN JE GRATIS EPI POU JWENN LINÈT SOU SIT HEIKEN NAN

KI MOUN KI KAB APLIKE?

- Paran elèv lekòl leta Florid yo ak sa ki nan lekòl prive leta ap peye pou yo atravè pogram School Choice la
- Paran elèv Head Start

POU KI SA NOU DWE SÈVI AK SIT HEIKEN NAN?

- Analiz ki pi rapid
- Yo kenbe rezilta yo konfidansyèl epi yo an sekirite



DISPONIB AN:

- Angle
- Panyòl
- Kreyòl
- Pòtigè/Panyòl

Heiken PA pa bay okenn lòt ajans enfòmasyon li genyen sou elèv yo.

NÒT POU LAPRÈS ASOSIYASYON OPTOMETRI AMERIKEN

St. Louis, MO, 4 out 2008

Asosiyasyon Optometri Ameriken (AOA) ap raple tout paran kouman sa enpòtan pou timoun wè byen pou yo kab fè tout kalite aktivite nan klas yo – pou yo li, pou yo gade sa k sou tablo, pou yo wè sa ki sou ekran yon konpitè. Si timoun pa wè byen, yo kab gen tout yon seri pblèm yo pa ta dwe genyen nonsèlman nan klas yo, men nan tèt yo, nan kò yo, nan vi sosyal yo epi nan kondisyon emosyonèl yo. Yon bon egzamen je pou tout elèv se youn nan bagay ki pi enpòtan pou yo fè pou yo pandan y ap prepare rantre lekòl la, malgre sa anpil fwa se pa yon bagay paran fè. Lè yo pa fè egzamen je pou timoun, anpil ladan yo ap soufri san yo pa konnen, epi yo kab menm klase yo pa erè nan kategori timoun ki gen pblèm ki anpeche yo aprann.



Florida Heiken Children's Vision Program
601 SW 8th Avenue • Miami, Florida 33130
Phone: 305.856.9830 • 1.888.996.9847
Fax: 888.980.8474

www.floridaheiken.org

Jiyè 2023

EGZAMEN JE GRATIS AK LINÈT POU TIMOUN LEKÒL KI KALIFYE



FLORIDA HEIKEN
Children's Vision Program, LLC

FOUNDED 1992

A DIVISION OF MIAMI LIGHTHOUSE FOR
THE BLIND AND VISUALLY IMPAIRED, INC.

YON POGRAM KI NAN TOUT ÈTA A

